


LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK (LKPD)

Materi: Membuat ringkasan isi teks deskripsi
Tujuan Pembelajaran : Peserta didik mampu membuat ringkasan isi teks deskripsi secara berkelompok dengan menggunakan bahasa Jawa yang baik.


Jeneng Kelompok :
.....
.....
.....

Kelas :



Carane nggarap:

1. Wacanen teks deskripsi “Lodrug” nganti mangerteni isine!
2. Nggaweya ringkesan isi teks deskripsi “Lodrug” kasebut!
3. Ringkesan isi kasebut gawenen ing papan kang cumepak!



LODRUG



Lodrug minangka kasenian kang asale saka Jawa Timur. Lodrug minangka sawijine drama tradhisional kang dilakokake dening grup kasenian kang digelar ing panggung kanthi njupuk crita ngenani panguripan saben dina, crita perjuwangan, lan sapanunggalane kang diselingi dening lawakan lan diiringi karo gamelan.

Basa kang digawe sajroning lodrug asipat guyonan lan nggawe penonton ngguyu kanthi dhialek Surabaya. Lodrug umume diwiwiti tari remo. Gunane kasenian lodrug digunakake sajrone upacara adat lan ritual tartamtu, estetis, lan sarana panglipur warga. Nalika jaman perjuwangan nglawan penjajah, lodrug nduweni guna kanggo piranti kritik sosial marang pamarentah Hindia Belanda nalika iku. Saliyane iku mupangate lodrug uga kanggo sarana pendhidhikan.

WANGSULAN

RINGKESAN ISI TEKS DESKRIPSI

